



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

KISA Y AP DI: LIDÈ KI ELI AK LIDÈ KOMINOTÈ YO SIPÒTE PLAN GOUVÈNÈ HOCHUL LA POU FINANSE TRANSPÒ PIBLIK EPI METE PASAJE YO AN PREMYE

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke poz tarifikasyon sou anbouteyaj la ap leve nan Vil Nouyòk apati kòmansman janvyè. Aplikasyon pwogram tarifikasyon sou anbouteyaj la se yon testaman angajman Gouvènè a pou diminye blokis sikilasyon ak polisyon lè nan tout Vil Nouyòk. Plan kapital Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority) 2025-29 t ap depanse yon total 68.4 milya dola, ki enkli 47.8 milya dola pou Transpò an komen nan Vil NY, Staten Island Railway ak Konpayi Bis MTA, 6 milya dola pou Metro-North Railroad ak Long Island Rail Road, 5.3 milya dola pou gwo pwojè ak ekspansyon yo, ak 3 milya dola pou Pon ak Tinèl MTA yo — sa se pi gwo plan kapital MTA yo pwopoze nan listwa Nouyòk, ki konsantre sou amelyorasyon enfrastrikti ak fyabilite sistèm sikilasyon vil la pou Nouyòkè yo.

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Yon sous revni an sekirite esansyèl pou kenbe enfrastrikti transpò piblik ak ekonomi nou an. Sa a gen ladan sipò Second Avenue Subway Phase 2, ki bay aksè transpò piblik ki nesèsè anpil nan katye ki pa desèvi istorikman tankou East Harlem. Li sipòte tou yon sistèm ki pi enklizif pou asire ADA aksesib nan tout vil la ak distri mwen an, an patikilye Sant ak lwès Harlem ak Kingsbridge. Anplis de sa, investisman nan amelyorasyon sante ak anviwònman an, tankou sant opresyon Bronx ak enfrastrikti rechaj kamyon elektrik yo, pral dirèkteman relve defi ki pèsistan nan kominote liy wouj yo. Mwen espere kolabore ak Gouvènè Hochul ak lidè lokal yo pou konkretize amelyorasyon transfòmatis sa yo."

Prezidan Konsèy Vil Nouyòk la, Adrienne Adams, te deklare, "Sistèm transpò piblik Nouyòk la se eleman esansyèl vil nou an, epi plizyè milyon itilizatè konte sou li pou akonpli obligasyon debaz yo epi chèche opòtinite yo," te deklare Prezidan Konsèy Vil Nouyòk Adrienne Adams. "Aksesibilite pou Nouyòkè yo dwe gide desizyon nou yo epi dwe yon priyorite nou tout pataje. Pandan aplikasyon plan anbouteyaj revize sa a ap avanse, investisman nan sante imedyat ak alontèm nan enfrastrikti transpò nou yo enpòtan anpil pou byennèt vil nou an ak kominote li yo. Pou rezidan nan dezè transpò piblik nan katye andeyò ak kominote jistis anviwònman yo, sa ki toujou fè defo, ki gen konsekans ki pa pwopòsyonèl. Abòde inegalite sa yo depi lontan, ak satisfè bezwen transpò Nouyòkè yo nan chak pati nan vil nou an, dwe yon priyorite pèmanan pou tout nivo gouvènman an. Pandan plan sa a ap avanse, li enpòtan pou tout moun ki konsène yo atache pou rann vil nou an pi abòdab ak pi aksesib pou asire Nouyòkè yo kapab reponn a egzijans epi responsablite lavi chak jou."

Manm Konsèy Vil New York Gale Brewer te deklare, "Gouvènman federal, leta ak lokal yo pa finanse transpò piblik pou twò lontan—deseni!—e nou tout te abitye ak sèvis tren iregilye, anbouteyaj masiv, ak move kalite lè ki te lakòz," te deklare Manm Konsèy Gale A. Brewer. "Mwen konprann diskisyon pwoblèm nan, men nou dwe konprann tou bezwen dezespere MTA a pou finanse gwo amelyorasyon nan enfrastrikti transpò an komen santènè nou an. Tarifikasyon sou anbouteyaj pral yon ajisteman, men li vo lapèn. Mèsi a Gouvènè Hochul, pou fè avanse pwojè sa a."

Majistra White Plains Tom Roach te deklare, "Kondisyon sikilasyon aktyèl yo nan lower Manhattan te lakòz move kalite lè, kondisyon ki pa ansekirite pou pyeton yo, epi yo te anpeche livrezon machandiz ak sèvis ijans yo. Desizyon Gouvènè Hochul pou fè avanse ak tarifikasyon sou anbouteyaj pral gen yon gwo enpak pozitif sou kalite lavi nan zòn ki afekte epi li pral bay finansman ki nesesè pou transpò an komen, mwayen ki pi efikas pou deplase moun. Sistèm transpò piblik nou an se yon dyaman brit, ki jwe yon wòl enpòtan anpil nan ekonomi rejyon nou an. Yo tap tann amelyorasyon Kapital yo depi lontan. Itilizatè transpò piblik yo merite yon pi bon eksperyans, yo se apre tou, rezon ki lakòz sa yo ki bezwen kondwi nan lower Manhattan yo kapab fè sa."

Majistra New Rochelle, Yadira Ramos-Herbert, te deklare, "Antanke Majistra New Rochelle, mwen sipòte totalman plan tarifikasyon sou anbouteyaj Gouvènè Hochul la. Inisyativ sa a se yon solisyon avangad ki pral redwi trafik, amelyore kalite lè a, epi bay finansman enpòtan pou amelyore transpò piblik— pou benefisye pa sèlman Vil Nouyòk, men tout rejyon nou an. Se yon viktwa pou dirabilite, kwasans ekonomik, ak avni kolektif nou an."

Majistra Kingston Ian, Steve Noble, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou re-entwodwi konsèp avangad tarifikasyon sou anbouteyaj pou vil Nouyòk. Politik sa a pral yon modèl pou lòt vil yo – li pral revolisyone fason pi gwo vil nou an abòde pwoblèm ki pèsistan nan sikilasyon ak anbouteyaj la, pandan y ap garanti finansman ki nesesè pou pwojè transpò piblik yo. Antanke yon ti vil ki gen yon kantite pasaje nan bis pou ale Manhattan, mwen sipòte inisyativ sa a ak avantaj pozitif li pral pote an tèm sekirite ak anviwònman. Tarifikasyon sou anbouteyaj pral yon reyalizasyon istorik ke Nouyòkè yo pral benefisye pou jenerasyon k ap vini yo."

Egzekitif Konte Ulster, Jen Metzger, te deklare, "Mwen te sipòte tarifikasyon sou anbouteyaj lè m te manm nan Sena Eta a, e mwen trè kontan wè politik sa a avanse. Tarifikasyon sou anbouteyaj pral redui emisyon ki domaje klima a ak amelyore kalite lè lokal ak sante piblik pandan y ap finanse investisman transpò piblik ki nesesè anpil ke rezidan vil yo pral non sèlman benefisye, men pou nou tout."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)